

Kutarisisa: *Kumuka kuvakafa*

1. Nemhaka yei vakadzi vakaenda kubwiro raJesu?
2. Ko ndiani akakungurusa ibwe kubva pabwiro?
3. Ko Bhaibheri rinotsangudza mutumwa uyu sei?
4. Ko varindi vebwiro vakaita sei pavakaona mutumwa?
5. Ko mutumwa akanyaradza vakadzi sei?
6. Ko mutumwa aiva neshoko rokuti kudini?
7. Ko akataurira vakadzi kuti vaitei?
8. Apo Jesu akazviratidza kwavari panzira, vakadzi vakaitei?
9. Ko vakadzi ava vakanzwa sei apo vakaona Jesu?
10. Ko tingawanawo sei mufaro waiva navakadzi ava pamusi wokumuka kwaKristu?

Jesu Mupenyu



Mako 16:1 - Kumuka kuvakafa

Sabata rakati rapfuura, Maria Magadharena, Maria mai vaJakobho, naSarome vakatenga zvinonhuwira kuti vagondozodza mutumbi waJesu.

Mateo 27:65-66, 28:1-10

65 Pirato akapindura akati, “Torai, varindi. Endai, mundochengetedza guva iroro semaziviro enyu.” 66 Saka vakaenda vakandoita kuti richengetedzwe nokuisa chisimbiso pabwe, uye nokuisa varindi.

28:1 Mushure meSabata, ava mambakwedza nomusi wokutanga wevhiki, Maria Magadharena nomumwe Maria vakaenda kundoona guva. 2 Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru nokuti mutumwa waShe akabva kudenga akaenda paguva akasvikokungurutsa ibwe riya akagara pamusoro paro. 3 Kuonekwa kwake kwakanga kwakaita semheni uye nguo dzake dzakanga dzakachena sechando. 4 Varindi vakamutya kwazvo zvokuti vakadedera vakaita savanhu vafa.

5 Mutumwa akati kuvakadzi vaya, “Musatya nokuti ndinoziva kuti muri kutsvaka Jesu uyo akarovererwa pamuchinjikwa. 6 Haapo pano; amuka sokutaura kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga avete. 7 Zvino kurumidzai muende kundoudza vadzidzi vake kuti, ‘Amuka kubva kuvakafa uye kuti afanotungamira kuGarirea. Muchanomuona ikoko.’ Zvino ndakuudzai.”

8 Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva paguva vachitya asi vakazadzwa nomufaro, uye vakamhanya kundoudza vadzidzi vake.

9 Pakarepo Jesu akasangana navo, akati, “Kwaziwai.” Vakauya kwaari vakabata tsoka dzake uye vakamunamata. 10 Ipapo Jesu akati kwavari, “Musatya. Endai mundoudza hama dzangu kuti vaende kuGarirea; ikoko ndiko kwavachanondiona.”

I Know that My Redeemer Lives

by: Samuel Medley

I know that my Redeemer lives;
What comfort this sweet sentence gives!
He lives, He lives, who once was dead;
He lives, my ever living Head.

He lives triumphant from the grave,
He lives eternally to save,
He lives all glorious in the sky,
He lives exalted there on high.

He lives to bless me with His love,
He lives to plead for me above,
He lives my hungry soul to feed,
He lives to help in time of need.

He lives, all glory to His name!
He lives, my Jesus, still the same.
Oh, the sweet joy this sentence gives,
“I know that my Redeemer lives!”

(Verengawo Marko 16:1-13, Ruka 24:1-12, Johani 20:1-18)